



Pou Piblikasyon Imedya: 01/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AK MAJISTRA ADAMS LANSE NOUVO EFÒ POU KONSTWI KAY KI KONPLÈTMAN ELEKTRIK EPI KI ABÒDAB K AP KOUTE 15 MILYON DOLA NAN VIL NEW YORK

Inisyativ Lojman Alavni an pral akselere kreyasyon 3,000 nouvo kay san kabòn epi ki abòdab

Sipòte objektif klimatik pataje yo pou redui emisyon gaz ki lakoz efè sè a 85 pousan disi 2050, bay plis pase 35 pousan benefis nan investisman enèji pwòp yo nan kominote defavorize yo

Gouvènè Kathy Hochul ak Majistra Eric Adams te lanse jodi a [Inisyativ Lojman Alavni](#) (Future Housing Initiative), ki se yon nouvo patenarya k ap investi 15 milyon dola pou akselere kreyasyon 3,000 kay ki efikas an enèji, ki konplètmann elektrik ak abòdab nan Vil New York. Nouvo efò sa a se yon etap enpòtan nan direksyon objektif ki dekri nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a — ki gen ladan redui emisyon gaz ki lakòz efè sè a 85 pousan disi 2050 ak bay 35-40 pousan nan benefis envestisman nan enèji pwòp nan kominote ki defavorize yo — ansanm ak objektif konstriksyon ekolojik vil la dapre Lwa Lokal 97 la.

"Avèk Inisyativ Lojman Alavni an, n ap franchi yon gwo etap pou pi devan nan angajman nou pou asire yon avni ki pi dirab, abòdab, ak ekitab pou Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m fè patenarya ak Majistra Adams sou efò enpòtan sa a, ki pral ede nou atenn objektif klimatik nou yo k ap mennen nan peyi a, amelyore aksè ak lojman abòdab nan kominote nou yo, epi konstwi yon New York ki pi an sante ak pi vèt pou tout moun."

Majistra Eric Adams, te deklare, "Depi premye jou a, zetwal polè administrasyon nou an ap konekte Nouyòkè yo ak bon jan kalite kay ki an sekirite epi ki abòdab. Nouvo patenarya sa a pral fè tout bagay sa yo epi ba nou zouti pou fè li menm pi vit. Nan New York, n ap abòde kriz klimatik la tèt pou tèt, epi mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li te travay avèk nou pou ofri lavni ki pi vèt, ki pi pwòp, ki pi pwospè ke Nouyòkè yo merite."

Ofisyèlman yo rele li Inisyativ Konstriksyon Nouvo Lojman Alavni (New Construction Future Housing Initiative), efò sa a se rezilta yon memorandòm konpreyansyon elaji ant Otorite Rechèch ak Devlopman nan Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ak Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman (Department of Housing Preservation and Development, HPD) Vil New York la. Inisyativ la gen pou objektif pou rasyonnalize livrezon finansman devlopman ak sibvansyon pou pwojè lojman abòdab ki kounye a nan nouvo filyè konstriksyon HPD a. Finansman an pral kouvri depans siplemantè pou mete an aplikasyon estanda Kay Alavni yo (Future Homes) ki gen gwo pèfòmans epi ki konplètman elektrik, tankou elektrifikasyon dlo cho ak sistèm chofaj nan konsepsyon ak konstriksyon pou bay ekonomi enèji, rezistans, ak amelyore kalite lè pou rezidan alavni yo.

Finanse atravè Fon Enèji Pwòp (Clean Energy Fund) 6 milya dola NYSERDA a, Inisyativ Lojman Alavni an ofri pwopriyete bilding ak devlopè yo jiska 10,000 dola pou chak inite ak jiska 1.5 milyon dola pou chak pwojè pou finance konstriksyon bilding multi-familyal ki gen gwo pèfòmans epi ki konplètman elektrik ki pral reyalize sètifika "Kay Pasif" (Passive House), estanda lò yo pou konstriksyon dirab, ak itilizasyon enèji ak emisyon kabòn ki drastikman redwi. Ekip devlopman yo pral resevwa tou sipò asistans teknik pou fasilite travay konsepsyon ki nesese yo. Pwogram nan pral sipòte jiska 30 pwojè ki genyen apeprè 3,000 inite lojman.

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Pwogram Lojman Alavni an pral demontre mache lojman abòdab la yon nouvo solisyon konstriksyon ke yo vrèman kapab repwodui. Lè nou kreye yon pwosesis ki pi fasil pou devlopè yo epi bay asistans teknik ak ankourajman nan kad sik finansman ak HPD, n ap avanse efikasite enèji ak elektrifikasyon pandan n ap sipòte devlopman lojman abòdab ki nesese anpil pou Nouyòkè yo."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Anons jodi a kontinye angajman Gouvènè Hochul pran pou rann lojman abòdab ki dirab nan nivo anviwònman an disponib pou tout Nouyòkè yo. Inisyativ Lojman Alavni 15 milyon dola a pral fasilite devlopman jiska 30 bilding pwòp, elektrifye ak abòdab pou rezidan Vil New York. Pwogram sa a, ansanm ak Inisyativ Enèji Pwòp HCR la, ki ap bay devlopè ki kapab pwodwi inite ki efikas nan enèji, ak inite elektrik nèt ki abòdab aksè senplifye nan opòtinite pou finansman lojman abòdab, ki pral asire New York kontinye ap trase wout la pou reyalizasyon yon pak lojman dekabonize. Ansanm, pwogram sa yo pral non sèlman benefisye moun ki pral kapab rele apatman modèn, ki rezistan yo lakay yo, men yo pral pèmèt tout kominote yo jwi bon jan kalite lè amelyore nan emisyon redwi nan bilding yo".

Jolie Milstein, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Asosyasyon Lojman Abòdab Eta New York la (New York State Association for Affordable Housing, NYSAFAH), te deklare, "Objektif santral pwodiksyon lojman abòdab la se pou asire Nouyòkè yo gen yon bon jan kalite anviwonman ki an sekirite pou yo rele lakay yo - epi misyon sa a kòmanse ak pratik konstriksyon ki responsab epi ki dirab. Inisyativ Lojman

Alavni an pral bay devlopè yo resous yo epi ankouraje tout bilding multi-familyal ki konplètman elektrik yo pou yo gen Sètifika Kay Pasif la, ki se yon etap enpòtan pou redwi emisyon bilding yo. Se egzakteman kalite investisman vil nou an bezwen pou sipòte yon ogmantasyon nan rezèv lojman abòdab la ak pratik ki pi dirab nan kominote nou yo."

Adolfo Carrión Jr., Komisè Depatman Prezèvasyon ak Konstriksyon Lojman Vil New York, te deklare, "Pa gen jistis klimatik san jistis lojman — se poutèt sa nou ap akselere dekarbonizasyon ekitab ak bati lojman dirab ki abòdab, pandan n ap konsantre sou sante ak rezistans bilding nou yo ak vwazen nou yo. Gras ak patnè nou yo nan eta a, plis devlopè kapab jwenn sètifika Kay Pasif pou pwojè nou yo epi finalman bay Nouyòkè yo yon lojman ki pi pwòp, ki pi vèt ak abòdab."

Direktè Lojman an, Jessica Katz, te deklare, "Vil Nouyòk dwe asire ke tranzisyon nou pou kite yon ekonomi ki mache ak gaz fosil la jis ak ekitab. Inisyativ Lojman Alavni an fè avanse angajman administrasyon an pou akselere dirabilite ak kondisyon lavi ki pi an sante pou rezidan lojman abòdab yo. Mèsi NYSERDA pou lidèchip ou nan kad efò enpòtan sa a."

Ofisye Anchèf pou Klima nan Depatman Pwoteksyon Anviwònman Vil New York la, Rohit T. Aggarwala, te deklare, "Tout New York angaje nan konbat chanjman klimatik, epi n ap bay sipò ki nesèsè pou kreye kay ki efikas an enèji. Inisyativ Lojman Alavni an pral akselere kreyasyon 3,000 nouvo kay san kabòn, ki abòdab epi atravè PlaNYC, nou pral devlope yon pwogram finansman solè piblik pou pwopriyete kay ki gen yonn a kat fanmi ki egziste deja, ki gen revni fèb nan kominote jistis anviwònman yo. New York ap avanse yon fason agresif nan tout aspè pou redwi anprent kabòn nou an."

Majistra Adjwen pou Operasyon yo, Meera Joshi, te deklare, "Dekarbonize kay nou yo esansyèl pou sante vil nou an ak planèt nou an. Inisyativ Lojman Alavni an pral bay benefis enèji pwòp pou plizyè milye fanmi ki pral respire yon lè ki pi pwòp, fè fas ak bòdwo sèvis piblik ki pi ba, epi ki pral pi an sante ak pi an sekirite nan kay yo ak kominote yo. Mwen enpasyon pou mwen travay avèk lidè nou yo pandan Vil New York ak eta a ap reyalize priyorite klimatik nou yo epi transfòme katye nou yo."

Direktè Egzekitif Biwo Majistra a pou Klima ak Jistis Anviwònmanal, Kizzy Charles-Guzman, te deklare, "Kolaborasyon vil ak eta sa a se yon gwo etap nan direksyon pou yon tranzisyon jis epi li pral kreye kay ki pi an sante, ki pi dirab pandan y ap diminye emisyon ansanm ak fado pri enèji yo. Jistis lojman ak jistis anviwònmanal dwe mache men nan men."

Prezidan Minisipalite Brooklyn lan, Antonio Reynoso, te deklare, "Defi vil nou an ap fè fas yo anpil, men lè nou travay men nan men ak patnè eta nou yo, nou ka fè plis travay pase sa nou te kapab fè poukont nou. Patenarya sa a, ki entegre lojman ak jistis klimatik ansanm, se yon egzanp pafè konsènan sa. Mèsi Gouvènè Hochul, Majistra Adams, ak anpil lòt moun ki te mete tèt ansanm nan non vil nou an ak anviwònman an."

[Aplikasyon](#) pou premye faz finansman Inisyativ Lojman Alavni an ak 7.5 milyon dola ki disponib jodi a atravè HPD epi ki pral akseptab jiska 1e jen 2023. Yon dezyèm faz pral vini apre an 2024.

Bilding yo se youn nan pi gwo sous emisyon gaz ki lakoz efè sè nan Vil New York, sa ki reprezante de tyè nan tout emisyon gaz ki lakoz efè sè ki pwodui nan senk minisipalite yo. Entegre efikasite enèji ak elektrifikasyon nan devlopman lojman abòdab diminye emisyon kabòn ak lakoz kay ki pi dirab, ki an sante ak konfòtab.

Inisyativ la bati sou yon patenarya prematire pou avanse elektrifikasyon nan filyè prezèvasyon HPD a nan finansman renovasyon nan bilding multi-famityal ki egziste deja yo. Yo te anonse an 2021, akò orijinal ant NYSERDA ak HPD te bay gwo ankourajman atravè pwogram Pilòt pou Elektrifikasyon Renovasyon HPD a pou sipòte elektrifikasyon bilding ak reovasyon efikasite enèji nan bilding multi-famityal la nan filyè prezèvasyon HPD ak sistèm ki mwens pèfòman kote elektrifikasyon an se yon gwo viktwa. Pwogram pilòt sa a sipoze amelyore anviwon 1,200 kay abòdab. Patenarya a konbine enèji pwòp ak ekspètiz teknik NYSERDA ak ekspètiz HPD nan finansman ak devlopman lojman abòdab ak yon konsantrasyon sou konsepsyon, konstriksyon, ak operasyon bilding pwòp ak dirab ki san kabòn pou sipòte objektif Gouvènè Hochul la pou reyalize de milyon kay ki favorab pou klima dis 2030.

Inisyativ Lojman Alavni an respekte angajman Majistra Adams te pran nan [PlaNYC a: Jwenn Dirabilite](#) epi [Loje Vwazen Nou yo: Yon Plan pou Lojman ak Sitiyasyon Sanzabri](#) pou amelyore sante ak sekirite Nouyòkè yo atravè lojman, ki enkli pwomouvwa estanda elektrifikasyon ak dirabilite pou lojman abòdab ki fèk konstwi. Ansanm, travay sa a pral rapoche efò vil la pou kreye lojman abòdab ki an akò ak objektif dekarbonizasyon yo epi benefisye rezidan yo atravè pri enèji ki pi ba, kondisyon lavi ki pi an sante, ak kay ki pi dirab.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418